

# Kesyon ki Poze pi Souvan yo konsènan: **Dekrè Egzekitif Lokal sou Mete Kach-nen**



Nan dat 18 Jen 2020, Majistra Komin Oranj lan, Jerry L. Demings te anonse yon Dekrè Egzekitif 2020-23 ki te mande pou tout moun mete kach-nen nan plas publik yo. Nan dat 24 Jen 2020, Majistra Demings te pase Dekrè Egzekitif 2020-25 ki mande pou tout moun mete kach-nen ("Dekrè " sa a) ranplase dekrè ki te anvan an.

Dekrè Egzekitif 2020-25 mande pou tout moun kap travay, viv, vizite oswa fè biznis nan Komin Oranj pou mete yon kach-nen an akò avèk règleman CDC yo pandan ke yo nan yon plas publik, kèlkeswa li te andedan oswa deyò.

## **JENERAL:**

### **Kilè dekrè a ap anvigè epi kilè lap ekspire?**

Dekrè a te anvigè nan dat 24 Jen, 2020 a 1:50 p.m. EDT. Dekrè a ap rete anvigè jiska nouvèl-òd.

### **Pou ki moun dekrè sa a aplikab?**

Dekrè sa a aplikab pou tout moun kap travay, viv, vizite oswa fè biznis nan Komin Oranj pandan ke yo nan yon plas publik, kèlkeswa li te andedan oswa deyò

### **Pou kisa mwen oblige mete yon mask?**

Aktyèlman pa gen vaksen pou anpeche COVID-19. **Pi bon fason pou anpeche maladi a se pou evite ekspoze a virus la.** Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) fè konnen ke distans sosyal ak mete kach-nen se fason ki efikas pou ralanti pwopagasyon virus la. CDC rekòmande pou mete kach-nen nan anviwònman publik yo kote lòt mezi distans sosyal yo difisil pou aplike. Mete kach-nen ak distans sosyal se apwoch sante publik ki enpòtan pou redwi transmisyon COVID-19.

### **Kòman yo pral fè moun respekte dekrè sa a?**

Dekrè a pa aktyèlman mache ak yon dispozisyon ki pou fè moun respekte l, men li plis repoze sou koperasyon kominate a epi Dekrè a ankouraje biznis yo pou asire ke anplwaye yo ak kliyan yo mete kach-nen an akò avèk règleman CDC yo.

### **Si mwen pa gen yon mask, ki jan mwen ka jwenn youn?**

Tout moun ki fè tès pou COVID-19 nan Sant tès Sèvis Sante Komin Oranj yo ap resevwa yon bwat mask ak dezenfektan pou men gratis. Wap ka jwenn sant pou fè tès gratis yo nan [www.ocfl.net/covid19](http://www.ocfl.net/covid19). Komin Oranj ap fè distribisyon ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) pou ti biznis. Ale sou [www.ocfl.net/ppe](http://www.ocfl.net/ppe) pou plis enfòmasyon.

Si w pa ka vizite yon sant tès Sèvis Sante Komin Oranj, ou ka fasilman fè pwòp kach-nen w lakay ou. Ale sou Orange County's newsroom to follow a simple video kap anseye w kòman pou fè pwòp kach-nen w.



# Kesyon ki Poze pi Souvan yo konsènan: **Dekrè Egzekitif Lokal sou Mete Kach-nen**



## **Kòman yo defini yon "kach-nen"?**

Yon kach-nen se yon moso materyèl oswa twal ki byen kouvri nen ak bouch yon moun epi kach-nen an rete an plas san moun nan pa bezwen itilize men l pou kenbe l.

### **EKSEPSYON:**

#### **Ki eksepsyon ki gen nan manda a?**

Moun sa yo pa oblige mete yon kach-nen daprè Dekrè a:

- Timoun ki poko gen laj de-zan oswa timoun ki pa kapab respekte Dekrè kach-nen an kòmsadwa
- Moun, si yo mete yon kach-nen sa ka lakkòz yon defisyans nan sante yo paske yo gen yon pwobèm sante ki déjà egziste, sa enkli moun ki andikape. Epitou, eksepsyon sa a enkli moun ki pa ka tolere yon kach-nen akoz pwoblèm medikal, sansoryèl oswa lòt pwoblèm.
- Moun kap travay nan yon pwofesyon ki pa gen okenn entèraksyon fas-a-fas avèk publik la.
- Moun kap travay nan yon pwofesyon kote si yo mete yon kach-nen sa pa konpatib avèk fonksyon yo nan pwofesyon an.
- Moun kap fè egzèsis pandan yap pratike distans sosyal.
- Moun ki gen difikilte devlopmantal pou konfòme yo, ki enkli timoun ki pa ka efektivman mete yon kach-nen.

#### **Kisa map bezwen prezante bay yon biznis si mwen tonbe anba youn nan kategori eksepsyon Dekrè a?**

Dekrè a pa oblige pèson pou prezante enfòmasyon sou sante yo. Si yon biznis pèmèt yon moun antre nan biznis li, desizyon sa a depann de biznis lan an patikilye.


#### **Èske gen yon eksepsyon nan Dekrè a pou antite gouvènman yo?**

Non. Pa gen okenn eksepsyon. Anplwaye ki nan antite gouvènman yo dwe respekte pwòp pwotokòl espesifik yo ki an akò avèk règleman CDC yo.

### **EKZÈSIS:**

#### **E si map fè egzèsis? Èske mwen dwe mete yon mask?**

Si w ap fè egzèsis oswa wap fè yon sòt aktivite fizik (egzanp, lapèch, naje, navige bato, fè chyen mache, jwe gòlf, elatriye) pandan tan sa a wap obsève direktiv distans sosyal CDC yo, ou pa oblige mete yon kach-nen.



# Kesyon ki Poze pi Souvan yo konsènan: **Dekrè Egzekitif Lokal sou Mete Kach-nen**



## **E si mwen tou senpleman ap mache nan lari a pou m ka rive nan destinasyon mwen oswa e si map benyen nan yon pisin?**

Tout moun ki nan Komin Oranj oblige mete yon kachnen daprè règleman CDC yo pandan moun sa yo nan publik - espesyalman si w pa ka respekte direktiv distans sosyal. Se pou w konnen ak swiv direktiv CDC yo, mete yon kach-nen pou pwoteje tèt ou ak lòt moun. Kach-nen ak distans sosyal se de(2) bagay ki enpòtan pou diminye pwopagasyon viris la.

### **BIZNIS:**

#### **Kòman pou mwen rapòte yon biznis ki pa swiv manda kach-nen an?**

Aktyèlman pa gen yon antite espesifik ou ka kontakte pou rapòte biznis ki pa swiv Dekrè Egzekitif sa a. Daprè Dekrè a, nou ankouraje biznis yo pou entèdi yon moun antre nan biznis yo ki pa mete kach-nen. Epitou, biznis prive yo oblige swiv direktiv CDC yo ak/oswa prensip ki etabli nan endistri yo a ki gen rapò ak kach-nen.

Daprè [Sondaj sou Konfidans Konsomatè Komin Oranj lan](#), ki te konte plis pase 15,000 repons, 69% nan konsomatè yo pi konfòtab pou sipòte yon biznis ki pran mezi sante ak sekirite oserye (eg, manda pou mete kach-nen, tcheke tanperati, elatriye).

Si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid sou yon biznis ki pa swiv direktiv CDC yo, ou ka kontakte jesyon biznis sa a dirèkteman pou w adrès pwoblèm nan avèk yo. Alafen, si w pa santi w alèz avèk fason yon biznis ap fonksyone, ou ka deside pou w pa frekante biznis sa a.

#### **Kilè pou m mete yon kach-nen nan yon restoran? Mwen pa ka mete I lè map manje.**

Si yon biznis gen anplwaye ak kliyan nan lespas sis pye de youn lòt, lè sa a, anplwaye a ak kliyan an dwe mete yon kach-nen, sof si lè kliyan an mete kach-nen an sa ka anpeche li resevwa sèvis la, nan ka sa a sèlman founisè sèvis la dwe mete yon kach-nen. Klyan an ka retire kach-nen an pandan li chita ap manje ak bwè.

### **TRANSPÒ PIBLIK:**

Tout pasaje LYNX ansanm avèk anplwaye yo oblige mete yon kach-nen. Tanpri sonje pratike distans sosyal publik yo, kenbe yon espas ki omwen sis pye distans ant chak moun. SunRail ankouraje tout pasaje li yo pou mete kach-nen.

